



Pou Piblikasyon Imedya: 15/04/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**LOJMAN NAN PRI ABÒDAB NAN LONG ISLAND: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONSTRIKSYON TE KÒMANSE NAN PWOJÈ LOJMAN NAN PRI ABÒDAB POU GRANMOUN AJE KI GEN 66 INITE**

***Konplèks apatman Medford Konte Suffolk la pral genyen apatman ki bay sipò pou granmoun aje, chofaj ak rewadisman elektrik, ak aparèy ki efikas an enèji***

***Devlopman lojman Medford Gardens lan prevwa fini an ete 2026***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman konstriksyon nan Medford Gardens, yon devlopman lojman nan pri abòdab ki gen 66 inite nan vilaj Medford ki sitiye nan vil Brookhaven nan Konte Suffolk. Konplèks ki totalman elektrik ki koute 40 milyon dola a pral rezève mwaye inite yo pou moun ki bezwen sèvis sipò. Nan senk ane ki sot pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk te finanse prèske 5,500 lojman abòdab nan Long Island. Medford Gardens kontinye efò sa a ak konplete plan lojman pou senkan 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki sou wout pou l kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a.

'Nou pran angajman pou kreye plis opòtinite pou Nouyòkè ki pi aje yo demenaje nan lojman ki pi piti nan kominote yo renmen', **Gouvènè Hochul te deklare.** "Medford Gardens pral bay fanmi yo yon kote abòdab pou yo rele lakay yo epi bay rezidan vilnerab yo sipò yo bezwen ak merite pou yo kontinye viv poukont yo. Mèsi pou vil Brookhaven pou patenarya ou ak paske ou montre kisa sa vle di pou vin yon Kominote an Favè Lojman."

Konplèks Medford Gardens ki pwograme pou fini nan sezon ete 2026 la reprezante yon investisman enpòtan nan byennèt granmoun aje yo, ki bay non sèlman lojman abòdab, men tou sèvis sipò ki nesèsè pou amelyore kalite lavi rezidan yo.

Apatman nan Medford Gardens ap disponib pou fanmi ki gen laj 55 ane oswa plis k ap touche jiska 60 pousan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) lan. Y ap rezève trant twa apatman ki bay sipò pou granmoun aje ki elijib k ap lite ak pwoblèm sanzabri ak sante mantal. Se WellLife Network ki devlope pwojè a, ki ap bay tou sipò sou plas pou lokatè ki elijib tankou sèvis sante, jesyon ka, entèvansyon kriz, ak fòmasyon pwofesyonèl.

Nouvo bilding twa etaj la pral genyen tou karakteristik dirab tankou chofaj ak refwadisman elektrik, aparèy ki efikas an enèji, ki gen ladan enstalasyon lesiv, estasyon rechaj veyikil elektrik, basen pou kenbe dlo tanpèt yo, ak espas vèt deyò.

Medford Gardens jwenn sipòte Pwogram Federal ak Eta pou Kredi Taks pou Lojman Moun ki gen Revni Ba Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a ki prevwaenere apeprè 19 milyon dola nan ekite, 6.7 milyon nan Pwogram Opòtinite Lojman Sipò li a, 3.6 milyon dola nan Fon Fidisi Federal pou Lojman li a, ak prèske 800,000 dola nan Pwogram HOME NYS li a. Sipò anplis la enkli 7.9 milyon dola Biwo Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta Nouyòk la atravè Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) a. Se Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) ki bay finansman fonksyonman pou 33 inite sipò yo atravè Biwo Sante Mantal Eta Nouyòk la.

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk (New York State Homes and Community Renewal, HCR) la, RuthAnne Visnauskas, te deklare** "Kreye kay abòdab, efikas an enèji, epi ki bay sipò se poto mitan nan travay HCR la. Envestisman 40 milyon dola sa a pral pèmèt 66 fanmi granmoun aje yo gen opòtinite pou yo viv poukont yo nan yon kote yo kapab abòde. Nou remèsye vil Brookhaven — yon Kominote an Favè Lojman ki sètifye — ansanm ak WellLife ak lòt patnè lokal yo paske yo te pataje vizyon nou sou abòde kriz lojman an nan Long Island."

**Komisè Biwo Eta Nouyòk pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape (New York State Office of Temporary and Disability Assistance), Barbara C. Guinn, te deklare,** "Lè yo fini, Medford Gardens pral bay granmoun aje ki te fè eksperyans sanzabri yo yon apatman ki an sekirite, abòdab, ki efikas an enèji yo ka rele lakay yo, ansanm ak aksè sou plas pou sèvis sipò ki pral ede yo viv estab ak siksè nan Konte Suffolk. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li fè envestisman enpòtan pou elaji lojman ki bay sipò atravè Eta Nouyòk, ak WellLife Network ak tout patnè eta ak lokal ki ap sipòte pwojè sa a ki nesèsè anpil la."

**Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta Nouyòk, te deklare,** "Lojman sipò se yon eleman enpòtan nan efò nou pou asire tout granmoun aje nan eta nou an — espesyalman moun k ap viv ak maladi mantal — gen yon kote ki an sekirite epi byen akeyi pou yo rele lakay yo. Medford Gardens pral ede adrese bezwen kritik sa a nan Long Island, kote lojman abòdab gen anpil demann. Devlopman sa a, menm jan ak lòt yo sipòte atravè inisyativ Lojman Sipò Empire State la, demontre detèminasyon kontinyèl Gouvènè Hochul pou etabli plis lojman espesyalize pou sèvi Nouyòkè ki pi bezwen yo."

**Direktè pa Enterim Biwo Eta Nouyòk pou Granmoun Aje a, Greg Olsen, te deklare,** "Pwojè Medford Gardens la mete aksan sou angajman san fay Gouvènè Hochul pran anvè Nouyòkè ki aje yo epi li ranfòse akonplisman nou antanke yon eta yo deziyen ki Favorab pou Vyeyès. An patikilye, sa enpòtan paske li ede moun ki nan bezwen epi

adrese kriz lojman nan Long Island. Lojman abòdab ak sèvis sipò sou plas yo pral ede asire ke ansyen Nouyòkè yo ka endepandan otank posib pou plis tan posib nan kay ak kominote yo chwazi yo."

**PDG Well Life Network la, Sherry Tucker, te deklare,** "Medford Gardens pral reprezante plis pase yon konstriksyon fizik — li pral yon senbòl espwa, estabilite, ak opòtinite pou manm kominote ki pi bezwen li. Lè nou agrandi aksè ak lojman abòdab ak sipò ki nesèsè anpil, n ap envesti nan avni moun ki merite yon kote ki an sekirite epi ki bay sipò pou rele lakay yo. Devlopman sa a souliye angajman WellLife pou asire ke chak moun nan Long Island gen resous yo bezwen pou yo pwospere."

**Kad Egzekitif Konte Suffolk Ed Romaine te deklare,** "Pwojè lojman entelijan abòdab yo esansyèl pou kenbe moun isit la nan Long Island. Inisyativ sa a ede pouse objektif sa a, epi nou espere travay avèk Eta Nouyòk ak lidè lokal nou yo pou bay plis opòtinite lojman pou moun ki vle rele Long Island lakay yo."

**Sipèvizè Vil Brookhaven lan, Dan Panico, te deklare,** "Konbat ensekirite lojman pou granmoun aje yo, ki gen ladan granmoun aje sa yo ki gen andikap, pran aksyon pa gouvènman lokal k ap travay ak patnè nan endistri a. Malerezman, gen anpil granmoun aje sa yo ki te sèvi nasyon nou an nan sèvis lame yo, men ki fè fas ak sitiyasyon sanzabri. Vil Brookhaven ap travay aktivman pou diminye sitiyasyon sanzabri pou rezidan nou yo, espesyalman pou veteran nou yo."

**Senatè Eta a, Dean Murray, te deklare,** "Yo di yo jije nou dapre jan nou trete moun ki nan bezwen yo. Mwen fyè pou m travay avèk Gouvènè Hochul, moun ki nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote NYS ak zanmi nou yo nan WellLife Network pou bay yon devlopman abòdab, pou plizyè fanmi ki bay tou sèvis sipò pou moun ki nan bezwen yo."

**Manm asanble Joe DeStefano, te deklare,** "Medford Gardens se yon adisyon yo byen akeyi nan kominote nou an epi nou pa ka tann nouvo rezidan li yo. Lojman abòdab, ki bay sipò sa a pral transfòme lavi pa yo."

### **Agenda Lojman Gouvènè Hochul la**

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi fasil pou tout Nouyòkè yo. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 la, Gouvènè a te jwenn yon akò enpòtan pou ogmante rezèv lojman Nouyòk la atravè nouvo ankourajman taks pou kominote nan Nò Eta yo, nouvo ankourajman ak soulajman ki soti nan kèk restriksyon Eta enpoze pou kreye plis lojman nan Vil Nouyòk, yon fon kapital 500 milyon dola pou konstwi 15,000 nouvo kay sou pwopriete eta a, yon lòt 600 milyon dola nan finansman pou sipòte yon varyete devlopman lojman nan tout eta a ak nouvo pwoteksyon pou lokatè pwopriyetè yo. Anplis de sa, nan kad Bidjè Ane Fiskal 2023 Adopte a, Gouvènè a te anonse yon Plan Lojman senkan, 25 milya dola pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a, ki gen ladan 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elekrifikasyon yon lòt 50,000 kay. Yo te kreye oswa konsève plis pase 55,000 kay jiska dat.

Bidjè adopte ane fiskal 2025 la te ranfòse tou Pwogram Kominote ki an Favè Lojman (Pro-Housing Community Program) ke Gouvènè a te lanse an 2023. Sètifikasyon Kominote an Favè Lojman an se yon egzijans kounye a pou lokalite yo jwenn aksè ak jiska 650 milyon dola nan finansman opsyonèl. Kounye a, prèske 300 kominote ki te sètifye, ki gen ladan vil Brookhaven.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)